# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–18 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अखिल भारतीय आयुर्विज्ञान संस्थान– एम्स गोरखपुर में पांच सौ बेड के क्षमता वाला विश्राम सदन क भूमि पूजन अउर सिलान्यास कइलें। येह बिश्राम सदन क निरमाण पावरग्रिड कार्पोरेसन ऑफ इंडिया के सामाजिक उत्तरदायित्व निधि से चउवालीस करोड़ रूपिया से जियादे के लागति से कइल जाई। सिलान्यास समारोह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि एम्स गोरखपुर पूरबी उत्तर प्रदेस के सथहीं बिहार अउर नेपाल के लोगिन के इलाज बदे एगो प्रमुख केन्द्र बनि के उभरल हवे। मुख्यमंत्री कहलें कि–

***मुझे प्रसंता है कि दौ हजार सोलह मे जो बीज एम्स के रूप में गोरखपुर में रोपा गया था आज वह एक वट वृछ बनकर के हजारो पीड़ितो को आरोग्यता के लक्ष्य को प्राप्त करने के लिए एक नया जीवनदान देने का केन्द्र बन गया है।***

एम्स गोरखपुर में विश्राम सदन क सिलान्यास के मौका पर सांसद रवि किशन शुक्ल, महापौर डॉक्टर मंगलेश श्रीवास्तव, एम्स गोरखपुर क चेयरमैन देश दीपक वर्मा, कार्यकारी निदेशक डॉक्टर विभा दत्ता, पावरग्रिड क निदेशक कार्मिक यतीन्द्र द्विवेदियो मौजूद रहलें।

मुख्यमंत्री बिहने गोरखपुर के मानबेला में सड़कि, सीवरेज, पर्यटन के सथहीं विकास क एक हजार पांच सौ करोड़ रूपिया के कई गो परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास करिहें।

**********

प्रदेस भर में आजु गुड फ्राइडे पर्व मनावल जा रहल हवे। ई ईसाई धरम के प्रमुख तिउहारन में से एगो हउवे। प्रभु ईसा मसीह के सलीब पर चढ़वले के यादि में गुड फ्राइडे मनावल जाला। येही दिन्ने प्रभु ईशु मानवता के पाप से मुक्ति दियावे बदे आपन जिनगी उत्सर्ग कइले रहलें। गुड फ्राइडे के मौका पर आजु प्रदेस भर के सज्जो गिरिजाघरन में बिसेस प्रार्थना सभा क आयोजन कइल गइल।

**********

नउवां सिख गुरु, तेग बहादुर साहिब जी क प्रकाश पर्व आजु पूरा प्रदेस के गुरूद्वारन में सरधा के साथे मनावल जा रहल हवे। गुरू तेग बहादुर क जनम बरिस सोरह सौ एक्कइस में अमृतसर में भइल रहे। ऊ छठवां सिख गुरू हरगोबिंद साहिब जी क सबसे छोटहन पुत्र रहलें। उनके प्रकाश पर्व पर ढेरि संख्या में सरधालु गुरूद्वारन में मत्था टेकलें अउर पवित्र गुरूवानी सुनलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गुरू तेग बहादुर जी के प्रकाश पर्व पर सज्जो सरधालुअन अउर प्रदेसवासियन के बधाई दिहले हवें।

**********

आजु विस्व धरोहर दिवस हउवे। एहकर उद्देस्य कला, संस्कृति अउर इतिहास से जुड़ल बिरासति के संरक्षण के प्रति लोगिन के जागरूक कइल हउवे। विस्व धरोहर दिवस के मौका पर आजु उत्तर प्रदेस राज्य पर्यटन विकास निगम लिमिटेड की ओरि से लखनऊ में एगो बिसेस हेरिटेज वॉक क आयोजन कइल गइल। येही क्रम में वाराणसी के बनारस रेल करखाना में आपदा अउर संघर्स प्रतिरोधी बिरासत बिसय पर परदरसनी क आयोजन कइल गइल। परदरसनी क उद्घाटन महाप्रबंधक नरेश पाल सिंह कइलें।

**********

श्रीमद्भगवद्गीता अउर भरत मुनि के नाट्यशास्त्र के यूनेस्को के मेमोरी ऑफ द वर्ल्ड रजिस्टर में सामिल कइल गइल हउवे। केन्द्रीय मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत के सोसल मीडिया पर एगो पोस्ट के जबाब में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहकर सराहना करत कहलें कि एहसे भारत के कालातीत ज्ञान अउर समृद्ध संस्कृति के वैस्विक मान्यता मिलल हउवे। उहां के कहलीं कि गीता अउर नाट्यशास्त्र दुन्नों सदियन से सभ्यता अउर चेतना के पोसित कइले हउवे अउर एहसे मिलल अन्तरदृष्टि दुनिया के प्रेरणा देला।

***इस ऐतिहासिक उपलब्धि के साथ, यूनेस्को मेमोरी ऑफ द वर्ल्ड रजिस्टर में अब कुल 14 भारतीय ग्रंथ हो गए हैं। उत्कृष्ट मूल्यों वाली दस्तावेजी विरासत को संरक्षित करने की यह एक वैश्विक पहल है। श्रीमद्भगवद्गीता और भरत मुनि के नाट्यशास्त्र को ऋग्वेद, शांतिनाथ चौत्र और गिलगित पांडुलिपि के साथ सूची में शामिल किया गया है। श्रीमद्भगवद्गीता भगवान कृष्ण और अर्जुन के बीच एक पवित्र संवाद है, दूसरी ओर, प्राचीन ऋषि भरत मुनि द्वारा रचित नाट्यशास्त्र रंगमंच, कला और नृत्य जैसी प्रदर्शन कलाओं पर एक आधारभूत ग्रंथ है।***

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो येह ऐतिहासिक उपलब्धि पर देसवासियन के बधाई दिहले हवें।

**********

तेज बेयारि अउर बरखा के नाते काल्हि संझिये से प्रदेस के पूर्वांचल अउर मध्य क्षेत्र में मौसम क मिजाज बदलल हवे। मौसम विभाग के मोताबिक प्रदेस के पूरबी क्षेत्र के जिला सोनभद्र, गाजीपुर, मऊ, बलिया, देवरिया, गोरखपुर के सथहीं आसपास के इलाकन में आजु अउर बिहने तेज बेयारि अउर गरजि–चमकि के साथे बिजुली गिरले क अनेसा हवे। काल्हि संझा पूरबी उत्तर प्रदेस के कई जिलन में आन्हीं अउर बरखा के नाते भइल घटना में कुछु लोगिन के हताहत भइले क सूचना हवे। येह बिच्चे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आन्हीं, बरखा अउर बिजुली से परभावित जिलन के अधिकारियन के क्षेत्र क सर्वे कइ के पुरहर तत्परता से राहत कार चलवले क निरदेस दिहले हवें।

**********